

ANN AL PRECHE!

Règ yo

Nou ka jouwe ak 2, 3, 4, 6, oubyen 8 jouwè. Pou 6 oubyen 8 nou dwe fòme ekip ak 2 moun nan chak.

Avan derape: Chak jouwè oswa chak ekip ap chwazi materyèl y ap mete nan valiz sèvis yo a. Yo ka chwazi sèlman 5 nan 12 atik sa yo. Note yo epi fè lòt moun yo konnen sa n gentan chwazi sou yon mesaj tèks. Chak jouwè oswa ekip dwe chwazi yon piyon. Epi yo dwe chwazi yon blok nòt pou kenbe kont lan.

Chak moun oswa chak ekip ap woule pou konnen kiyès kap pase an premye. Sila a ki woule nimèwo ki pi ba a, ap derape an premye. (Matye 18:4, 5)

Pou derape: Chak moun oswa chak ekip ap woule pou yon nimèwo epi y ap avanse piyon yo an kantite kare selon sa yo te woule a. Yo woule youn fwa nan chak tou. Si yo kanpe sou yon flech, y ap kontinye nan dirèksyon flech sa a nan pwochen tou a.

Si yo kanpe sou yon defi, yo dwe suiv enstriksyon ki sou defi a. Depi nou genyen oswa nou pèdi pwen yo, nou dwe adisyone yo oubye soutire yo sou blok nòt nou an.

Si n kanpe sou yon flech ki voye n nan yon tèritwa, nou dwe antre nan tèritwa sa a nan pwochen tou. Chak kare kote nou kanpe nan tèritwa yo nou dwe vire l pou n wè ki defi y ap ban nou.

Kesyon yo (QB): Si n ka reponn kesyon an yon fason ki korèk, n ap konte 4 pwen. Si repons lan gen plizyè eleman ladann (10 fleyo, 5 Jerisalèm, elatriye) n ap konte 1 pwen pou chak repons ki korèk. Si n pa ka reponn, nou pèdi 3 pwen epi pwochen jouwè ki sui nan lòd ka reponn kesyon sa a, si l vle. Nou ka gade nan Bib la pou n jwenn repons yo.

Dat yo: Depi se dat yo montre w, ou dwe di sa k te pase nan dat sa a. Depi se yon kesyon yo montre w, ou dwe di nan ki dat evènman sa a te pase. Nou genyen 4 pwen pou chak repons ki bon. Nou pèdi 3 pwen si n twonpe. Nou ka gade nan Bib la pou n jwenn repons yo.

Vèsè yo: Si yo prezante referans yon vèsè, nou dwe site vèsè sa a san nou pa gade nan Bib la. Si n ka di lide a, nou ka konte 2 pwen. Si n ka site l mo pou mo san nou gade nan Bib la, nou ka konte 4 pwen. Si n pa konnen vèsè a ditou, nou pèdi 3 pwen.

Si yo prezante tèks vèsè a, nou dwe bay referans vèsè a. Si n konnen liv la: 1 pwen. Si n konnen Liv la ak chapit la: 2 pwen. Si n konnen liv la, chapit la ak vèsè a: 4 pwen. Si n pa gen ankin ide, nou pèdi 3 pwen.

Depi yon moun oswa yon ekip ap jwenn 100 pwen se fen match la. Tout moun ap genyen!